



Office of Bilingual Education and World Languages

55 Hanson Place, Room 594
Brooklyn, New York 11217
Tel: (718) 722-2445 / Fax: (718) 722-2459

89 Washington Avenue, Room 528EB
Albany, New York 12234
(518) 474-8775/ Fax: (518) 474-7948

DEKLARASYON DWA PARAN ELÈV NAN ETA NOUYÒK KI PO KO KA FONKSYONE NAN LANG ANGLE TOU SÈL

Pati 154 Règleman Komisè Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la bay nou tout (paran/gadyen legal elèv ki po ko ka fonksyone nan lang angle tou sèl):

1. Dwa pou pitit nou resevwa edikasyon piblik gratis nan distri eskolè kote nou rete a, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon noosnon pitit nou (kit nou te sitwayen, kit nou te gen rezidans osnon pa t gen papyè, kèlkeswa lang noumenm oswa pitit nou pale.
2. Dwa pou nou enskri pitit nou nan lekòl san yo pa mande nou pou nou bay enfòmasyon oswa dokimantasyon ki ka revele sitiyaasyon imigrasyon nou osnon pitit ou. Yo pa gen dwa mande nou pou nou bay kat oswa nimewo sekirite sosyal, viza oswa sitiyaasyon viza, dokiman oswa sitiyaasyon sitwayènte.
3. Dwa selon lwa federal pou nou gen yon entèprèt/tradiktè ki kalifye nan lang nou pi alèz la lè n



- _____